# ИНСАНДА КӨРКЕМ-ДӨРЕТИЎШИЛИК УҚЫПЛЫЛЫҚЛАРЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ ТИЙКАРҒЫ АСПЕКТЛЕРИ

**Т.В.Уразимова** – *көркем-өнер таныў илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** педагогика, шахс, бадиий ва ижодий ривожланиш жиҳатлари, тасвирий санъат, ижодкорлик.
**Ключевые слова:** педагогика, личность, аспекты художественно-творческого развития, изобразительное искусство, творчество.
**Key words:** pedagogy, personality, aspects of artistic and creative development, fine arts, creativity.

Көркем-дөретиўшиликтиң тийкарғы аспектлери уқыплылықлар ҳәм зейинлиликлер болып табылады. Уқыплылықлар ҳәм зейинлиликлер түсиниклерине анықлама бериўдеги бир қанша қыйыншылықлар бул терминлердиң көпшилик қабыл еткен, күнделикли турмыслық түсинилиўи менен байланыслы. Егер, биз түсиндирме сөзликлерге дыққат аўдаратуғын болсақ, онда «уқыплы», «зейинли», «талантлы» терминлериниң көбинесе синонимлер сыпатында қолланылатуғынлығын ҳәм уқыплылықларының сезилиў дәрежесин билдиретуғынлығын көремиз. Бирақ, «талантлы» түсиниги менен адамның тәбийғый уқыплылығы айрықша, атап көрсетилетуғынлығы буннан да бетер әҳмийетлирек болып табылады. Уқыплы дегенде шебер деп түсиниледи, солай етип, «уқыплы»лық искерликтеги табысларды салыстырыў арқалы анықланады.

«Талант» түсинигине анықлама бериўде оның тәбийғыйлығы айрықша атап көрсетиледи. Талант неге болса да бир нәрсеге зейинлилик сыпатында, ал зейинлилик қудай берген уқыплылық сыпатында танылады. Басқаша айтқанда, талант бул – искерликте жоқары табысларға жетисиўди тәмийинлейтуғын, қудай тәрепинен берилген тәбийғый уқыплылықлар. Айтылғанлардан, бир тәрептен қарағанда уқыплылық – бул зейинлилик ҳәм талант, ал екинши тәрепинен – олар ҳәр қыйлы тийкарлары бойынша ажыралып туратуғындай болады. Уқыплылық ҳаққында айтылғанда адамның бир нәрсени ислеў мүмкиншилиги атап көрсетиледи, ал талант ҳаққында айтылғанда адамның бул қәсийетиниң туўылғаннан берилген сыпаты (туўма талант екенлиги) атап көрсетиледи. Соның менен бирге уқыплылық та, зейинлилик те исленген жумыстың табыслылығында көринеди. Уқыплылықлар, бир адамды екиншисинен айырып туратуғын, ислеген жумысларының табыслылығы оларға байланыслы болатуғын, жеке психологиялық өзгешеликлер, ал зейинлилик, оларға да исленген жумыслардың табыслы болыў мүмкиншилиги байланыслы болатуғын уқыплылықлардың айрықша өзине тән сәйкеслении араласып келиўи сыпатында қаралады. Көркем өнерге талантлылық, тийкарында сүўретлеў ҳәм әмелий безеў өнери тараўында табыслы шуғылланыў ушын мүмкиншилик жаратыўшы белгили бир тәбийғый зейинлиликлер жатырған бир қатар уқыплылықлардың айрықша өзине тән үйлесикли қосылып келиўи сыпатында қаралады. Көркем-дөретиўшилик талант жүзеге шығыўы ушын белгили бир алдыңғы жағдайларға ийе болыўдың өзи ғана жеткиликли емес, оның раўажланыўы ушын ылайықлы шәраятлар зәрүр. Көркем искерликке уқыплылықты изертлей отырып, оның дүзилисиндеги таяныш ўазыйпасын, кеңисликти ҳәм реңлер байланысын аңсат ҳәм толық түсиниўге мүмкиншилик жарататуғын, өткир көз бенен көриў сезимлилиги орынлайды деп болжаўға болады. Бул сезгирликти анализлей отырып, сүўрет салыў ушын оғада зәрүрли болған төмендеги сыпатларды айырып көрсетиўге болады: сызықты сезиниў; сайма-сайлық сезими; симметрия сезими; жақтылық көлеңкеси сезими. Уқыплылықтың екинши таяныш қосымтасы ретинде қол шеберлиги алға сүриледи. Сүўретшиниң қоллары ҳәрекет етиў системасында беккем орныққан улыўмаластырылған шеберликлер менен жоқары раўажланған ҳәрекет еткизиўши ўазыйпалар синтезленген, бириктирилген. Уқыплылықтың жетекши қәсийети, онысыз сүўретшиниң тийкарғы ойы (композиция, колористлик орынлаў) исленип шығылыўы ҳәм жүзеге шығарылып көрсетилиўи мүмкин болмаған көркемлик қыял етиў сыпатында алға шығады.

Көркем өнердеги талантлылық инсанның бир қатар уқыплылықларының ҳәм қәсийетлериниң үйлесикли биригип келиўи болып табылады. Көркемлик талант ҳәр бир сүўретши сөзсиз ислейтуғын дүзетиўлер, натурадан шегиниўлерге қарағанда натураны дурыс бериўде анығырақ көзге көринеди. Сүўреттиң сүўретленип атырған затқа уқсаслығын бериў көркемлик талантты ертерек таныўдың белгилериниң бири болып табылады. Айқын көринип турған күшли тәсирли сезимлилик, сезимлердиң түрли түслилиги ҳәм байлығы ҳақыйқый көркемлик талантының өзине тән айрықша белгиси болып табылады. Тийкарында белгили бир тәбийғый зейинлиликлер жатырған уқыплылықлардан тысқары, талант – бул және де жумысқа үлкен уқыплылық ҳәм өз исине болған үлкен сүйиспеншилик. Зәрүрли болған уқыплылықлардың бар болыўының өзи ғана таланттың раўажланыўын тәмийинлей алмайды. Сүўретши болыў ушын көркем өнерге сүйиспеншилик ҳәм көркем өнер менен шуғылланыўға қуштарлық та болыўы керек. Уқыплылықлар болмаса, ҳеш қандай мәжбүрлеўлер искерликтиң басқа түри менен емес, тап усы түри менен шуғылланыўға сүйиспеншиликти ҳәм ҳәўесликти туўдыра алмайды. Адам қайсы нәрсеге уқыплы болса, сол нәрсени бәринен де жақсырақ ислейди. Шамасы, адамның белгили бир таңланған жумыс пенен шуғылланыўға қуштарлығын усының менен түсиндириўге болатуғын болса керек. Сүўретлеў өнер менен шуғылланыўға ышқыпазлық ҳәм ҳәўеслик көркем өнерге талантлылықтың әҳмийетли белгиси болып табылады. Көркем өнерге уқыплылықтың болыўы адамның жумыста өсиўине ҳәм қайтпаслық пенен искерликтиң раўажланыўына жәрдем етеди. Қандай да бир жумыс пенен шуғылланыўға уқыплылық тек ғана сонда жақсы нәтийже береди, егер, ол зейинлиликлер менен үйлесип қосылып келсе ғана. Бирақ, талантлы адамлар жумыс ислеўде жигерлилиги, қайсарлығы ҳәм искерлиги менен ажыралып туратуғын болғанлықтан, бул қәсийетлериниң өзи талантлылықтың бир белгиси бола алады.

Көркем өнердеги талантлылық, қолайлы турмыс шараятларында инсанның басқа да қәсийетлери менен бирге белгили бир зейинлиликлер тийкарында қәлиплесетуғын пүтин бир қатар уқыплылықлардың жоқары дәрежеде раўажланыўының нәтийжеси. Талантлылық белгилерин еки топарға бөлиўге болады. Биринshисине, тиккелей сүўретлеў өнерине болған уқыплылығы ҳаққында гүўалық бериўши ҳәм предметтиң тийкарғы тәреплерин ҳәм қәсийетлерин дурыс сүўретлеўде көринетуғын белгилерди жатқарыўға болады. Бул белгилерде көрип қабыл етиўдиң ҳәм бақлаўдың, көз бенен көргенине дыққат аўдарыўдың ҳәм еслеп қалыўының айрықшалықлары, көриў арқалы еслеп қалыў қәбилетиниң саналы ҳәрекет етиўи өз сәўлелениўин табады. Белгилердиң екинши топарына сүўретлеў өнерине болған үлкен сүйиспеншилик ҳәм ҳәўеслик, жумыс ислеўдеги жигерлилик ҳәм жумыс ислеўге болған үлкен

уқыплылық жатады. Сүўретшиниң искерлигинде сүўретлеў өнерине болған төмендеги айырым уқыплылықлар оғада үлкен әхмийетке ийе: көрип қабыл етиўиниң бир пүтинлиги, вертикал ҳәм горизонталдан шығып кетиўди дурыс анықлаў ҳәм баҳалаў қәбилети, сайма-сайлықты, перспективалы қысқарыўларды дурыс баҳалаў, бирдей хроматикалық реңлерди табыў, көз бенен көргенин ядлап қалыў қәбилети [1:85-101]. Талантты раўажландырыў ушын инсанда жигерлиликти ҳәм қайсарлықты раўажландырыў керек.

Инсанның тез раўажланыўының әхмийетли шәрти сыпатындағы эстетикалық илгирлик ҳаққында да умытыўға болмайды. Теманың исленип шығылыўы да, орынланыўының ылайықлылығы да оған байланыслы болады. Төмендеги үш фактор да – аңсат түсиниў, дөретиўшилик қыял етиў ҳәм эстетикалық пикирлеў – инсанның эстетикалық илгирликтиң тийкары болып табылады. Өзлестириўдиң аңсатлығы көрген предметлерин «тез түсинип алыўы» ҳәм ядында беккем сақлап қалыўынан ибарат болады. Дөретиўшилик қыял етиўдиң тийкары адамның өмир тәжирийбеси болып табылады. Эстетикалық пикирлеў көркем өнер дөретпелериниң элеметлериниң шөлкемлестирилиўиндеги эстетикалық сыпатларын таныў қәбилети. Уқыплылықлардың сапасы, орынланыўының табыслылығы усыған байланыслы болған искерлик түри менен анықланады. Адам ҳаққында көбинесе әйтеўир уқыплы деп айтпайды, ал оның неге уқыплы екенлигин айтады, яғный оның уқыплылығының қәсийетин көрсетеди. Уқыплылықлардың кеңлиги бойынша: улыўма; арнаўлы уқыплылықлар ажыралыды. Арнаўлы уқыплылықлар қандай да бир анық белгили искерлик түрин табыслы орынлаў ушын зәрүрли болған жағдайлар болып табылады. Улыўма уқыплылықлар ҳәр қыйлы искерлик түрлерин орынлаў ушын зәрүрли болады.

Адамның зейинлилигиниң саплық өзине тәнликлери оның жумыс ислеўиниң айрықшалықларына әлбетте тәсир етеди. Солай етип, ҳәр қыйлы адамлардағы уқыплылықлардың араласып келиўиниң сапалық өзине тәнлиги себепли ҳәр қандай дөретиўшиликке жеке өзиншелик ҳәм басқалардан өзгешеликке тән. Бунысыз дөретиўшилик прогрессти – адамлардың дөретиўшиликлериниң нәтийжелериниң көп түрлилиги көз алдыға келтириў қыйын. Сонлықтан, инсанды тәрбиялаў ҳәм оқытыў барысында оларда пайда болып атырған уқыплылықлардың ҳәм зейинлиликлердиң сапалық өзине тәнликлерин итибардан шетте қалдырмаў, ал талабаларға жеке тәсир етиўдиң ҳәр қыйлы усылларын қоллана отырып оларды раўажландырыў керек. Солай етип, уқыплылықлар – тәбийғый сезимлиликти ҳәм предметлик конструкцияда сәўлеленген мазмунлардың психиканың атқарыўшы ҳәм ҳәрекетке келтириўши органлар менен конкрет формаларға айландырылыў процеси. Демек, сезимлилик нәтийжесиниң материалластырылыўы (конкрет формаға келтирилиўи) уқыплылықтың үш түринен ибарат болады: сыртқы дүньяны ҳәм ондағы өзин тәбияттың ойлаўшы бөлеги (бизлер еситемиз, көремиз, ийискелеймиз ҳәм т.б. – барлық сезиў органлары усы процесске ислейди) сыпатында сәўлелендириў қәбилети; сыртқы орталықты, соның ишинде өзин де жойбарлаў уқыплылығы (басқа, қолдан жасалған тәбиятты ой жуўыртып, қыял етиў менен жаратыў, гипотеза жаратыў – ертең ананы ҳәм мынаны ислеймен); өзиниң искерлиги барысында адамның мақсетлерин ҳәм талапларын қанаатландырыўшы өнимлер ҳәм предметлер жаратыў, өзин ишлей үнлесиклилик үлгиси бойынша дүзетиў (ойға алғанларын жүзеге асырыў, анық белгили затлар ҳәм предметлер менен анық жумыслар ислеў) уқыплылығы.

Адамның дөретиўшилик уқыплылықларын биз дөретиўшилик шешимлер қабыллаў, түп-тийкарынан жаңа идеялар қабыллаў ҳәм жаратыў мүмкиншиликлери сыпатында қараймыз. Күнделикли турмыста дөретиўшилик уқыплылықлар тапқырлық – илажсыз болып көринген аўҳалдан, жағдайды, предметлерди әдеттен тыс түрде қоллана отырып жол табыў, мақсетке ерисиў уқыплылығы сыпатында көринеди. Кең мәнисинде бул – мәселениң үйреншикли емес ҳәм тапқырлық пенен, соның менен бирге әдетте, арнаўлы болмаған әсбаплар ҳәм мүмкиншиликлер жәрдеминде шешилиўи. Сондай-ақ, мәселениң батыл, стандарт емес шешимлер де нәзерде тутылады.

Белгили бир мәселени шешиўге әдеттеги емес усылда қатнас, креативликти өз ишине алады. Биз креативлик машқалаларға жоқары сезгирликти, билимлериниң жеткиликсизлигин ямаса қарама-қарсылықлылығын, бул машқалаларды анықлаў бойынша ҳәрекетлерди, оларды гипотезаларды алға сүриў тийкарында шешиў жолларын излеў, гипотезаларды тексериў ҳәм өзгертиў бойынша, шешимниң жуўмағын анық ҳәм түсиникли айтыў бойынша ҳәрекетлерди өз ишине алады деп есаплаймыз. Дөретиўшилик ойлаўды раўажландырыўға жәрдемлесиў мақсетинде жаңа элементлерди қосыў ушын питкерилмегенлиги яки ашықлығы менен сыпатланатуғын сабақ өтиў усылы қолланылыўы мүмкин, соның менен бирге бунда талабаларды көплеген мәселелерди анық ҳәм түсиникли етип қойыўға қызықтырады. Билимлендириў процесинде креативлиликти күшейтиў ҳәм қолланыў ушын аўызша ҳәм образлы креативлиликти күшейтиўге жәрдем бериўши ҳәр қыйлы тестлерден пайдаланыўға болады. Нәтийжеде, идеялардың көп түрлилигине, талаба-лардың ойлаўының айрықшалығына, ийкемлилигине, тез үйрениўшилигине, метафоралылығына, ҳәм ең баслысы креативлиликтиң көринисиниң жуўмағы сыпатындағы қанаатланыўшылығына ийе боламыз.

Креативлилик – әдеттен тыс идеяларды туўдырыў, ойлаўдың үрдиске айланған схемасынан шығып кетиў, қыйын ҳалатларды тез шешиў уқыплылығы. Ақыл-ой менен ислеў қәбилетлери арасында айрықша түр сыпатында ажыратылып турады. Креативлиликтиң процесс сыпатында қаралыўы дөретиўшиликке уқыплылықты да, бул жағдайды тәмийинлеўши ҳәм алға умтылдырыўшы жағдайларды да, сондай-ақ, оның нәтийжелерине баҳа бериўге уқыплылықты да ашып көрсетиўге мүмкиншилик береди. Дөретиўшилик ойлаўдың жемисин оның айрықшалығы ҳәм әхмийетлилиги бойынша, ал креативлик жағдайды – мәселени сезгишлиги, синтезге уқыплылығы, жетпей турған деталларды қайта тиклеўге уқыплылығы, пикир жүргизиўдиң дивергентлиги (бәрҳама қайталанатуғын жол менен жүрмеў), ойлаўдың тезлиги бойынша баҳалаўға болады.

Билимлендириў процесинде инновация түсиниги үлкен әхмийетке ийе. Инновация адамның ақыл менен ислеўиниң, оның фантазиясының, дөретиўшилик жағдайдың, жаңалық ашыўларының ҳәм рационализаторлықтың нәтийжеси болып табылады. Соның менен бирге, өзиниң ендирилиўи ушын инновация социаллық әхмийетли мәдений талапларға жуўап бериўи тийис. Инновация термини латынша «novatio» сөзинен келип шыққан болып, ол «жаңаланыў» (ямаса «өзгериў») дегенди аңлатады, ал «in» түбир алды қосымшасы латын тилинен «бағдарда» деп аўдарылады. Егер, сөзбе-сөз аўдарылса «innovatio» «өзгерислер бағдарында». Инновация – адамлардың турмыс тараўларын жаңалаў бойынша бурын қолланылмаған билимлерди ислеп шығыў ҳәм алыў бойынша (технология; буйым; социаллық өмирдиң шөлкемлестирилиў формалары; мағлыўматластырыў ҳәм т.б.) ақыл-ой менен исленетуғын шешимди инвестициялаў нәтийжеси ҳәм белгили бир қосымша қунлылыққа ийе бола отырып усы

нәтийжениң ендирилиў процеси. Солай етип: инвестиция – ислеп шығыў – сапалық жақсыланыўға ийе болыў – процеси зәрүр. Бүгинги күни бул мәселени изертлеўшилер инновацияның бир неше түрин айырып көрсетеди: технологиялық, социаллық, азық-аўқатлық, шөлкемлестириўшилик, маркетинглик. Ҳәзирги заман жәмийетиниң жәмийетлик өмири процесинде бул инновациялар, зәрүрлик болыўына қарай өзлериниң жыйындысы сыпатында көринеди. Бирақ, бизиң жумысымызда инновацияның бир түри бизди көбирек қызықтырады, бул социаллық инновация. Социаллық – социумды қайта шөлкемлестириўдеги адамның турмысы тараўындағы (педагогика, басқарыў системасы, қайырқомлық, хызмет көрсетиў, процессти шөлкемлестириў) жаңаланыў процеси. Бүгинги күни биз Өзбекстанның билимлендириў системасындағы жеткиликли дәрежеде әҳмийетли инновациялық жаңаланыўлары ҳаққында исеним менен айта аламыз.

**Әдебиятлар**

1. Киреенко В.И. Психология способностей к изобразительной деятельности. –Москва: // Развитие познавательных способностей в дошкольном возрасте: хрестоматия / сост. И.А. Бурлакова. – Москва: АНО ПЭБ, 2008.

**РЕЗЮМЕ**

Мақола замонавий жамиятда шахснинг бадиий-ижодий ривожланиш жиҳатларига бағишланган. Ушбу йўналиш муаммоси бугунги куннинг энг муҳим масалалари қаторига киради.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена аспектам художественно-творческого развития личности в современном обществе. Данная проблема науки является одним из актуальнейших вопросов сегодняшнего дня.

**SUMMARY**

The article is devoted to the aspects of artistic and creative development of the individual in modern society. This problem of science is one of the most pressing issues of today.

## СПОРТ ТАКОМИЛЛАШУВ БОСҚИЧИДА ГИМНАСТИКАЧИЛАР МАШҒУЛОТ ЖАРАЁНИНИ ТИББИЙ – ФУНКЦИОНАЛ КЎРСАТКИЧЛАРИ АСОСИДА НАЗОРАТ ҚИЛИШ

**Д.Х.Умаров –** *педагогика фанлари номзоди, профессор*
*Ўзбекистон давлат жисмоний тарбия ва спорт университети*

**Таянч сўзлар:** спорт, гимнастикачи, машғулот жараёнини, жисмоний юкламалар, тиббий-функционал кўрсаткич.

**Ключевые слова:** спорт, гимнастка, тренировочный процесс, физическая нагрузка, лечебно-функциональный показатель.

**Key words:** sports, gymnast, training process, physical activity, therapeutic and functional indicator.

**Тадқиқотнинг долзарблиги.** Педагогик жараён самарадорлигининг шартларидан бири тайёргарликни аниқлаш мезонларини ишлаб чиқиш, бу эса машғулот юкламаларини бошқариш, уларнинг ҳажми ва интенсивлигини аниқлаш масалаларини илмий ҳал қилиш имконини беради.

Бугунги кунга келиб машғулот жараёнини тиббий-биологик жиҳатдан ўрганишга бағишланган катта ҳажмдаги адабиётлар мавжуд бўлиб, уларда спортчиларда асосий функционал тизимларни тадқиқ қилиш усулларини таҳлил қилишга муҳим аҳамият берилмоқда [1;5].

С.Е.Павлов ва Т.Н.Павлова таъкидлаганидек, функционал назорат узлуксиз, даврий, босқичма-босқич спортчининг машғулот ва мусобақа фаолиятидаги шарт-шароитларида амалга оширилиши керак, спорт машғулоти ва спорт тиббиётининг ажралмас қисми бўлиши даркордир. Бундан ташқари, замонавий профессионал спорт турларида спортчиларга машғулот юкламаларининг оптималлиги уларнинг динамик равишда ўзгарувчан функционал тайёргарлик даражаси ва мусобақа фаолиятини кунлик (мониторинг) баҳолашга боғлиқ ҳисобланади. Тиббий назорат мутахассислари функционал назоратни ўтказишда ҳам иштирок этишлари мумкин, аммо функционал назорат ўз мазмунига кўра - тиббий назоратга хос бўлмаган кўп вазифали тиббий тадбирдан кўра кўпроқ физиологик-педагогик ҳисобланади. Бошқа томондан, функционал назоратни амалга ошириш ҳуқуқига ўн йилдан ортиқ вақт давомида доимий ифодаланган физиологларнинг даъволари ҳам асос бўлиши мумкин эмас, чунки унинг вазифаларидан бири - бу баъзи ҳолларда фақат спортчи муайян фаолиятни амалга оширганда ташхис қўйилиши мумкин бўладиган чегаравий ва патологик ҳолатларни аниқлашдир [2;3;4].

**Тадқиқотнинг мақсади** турли интенсивликдаги микроциклларда машғулот юкламаларидан сўнг гимнастикачилар организмининг тикланиш муддатларини белгилаш.

**Тадқиқотнинг вазифалари:**

1. Гимнастикачилар организмига жисмоний юкламалар таъсир фаолиятини аниқлаш.
2. Гимнастикачиларнинг машғулотларга мослашган ва кам мослашган функционал ўзгаришларнинг оғирлиги бўйича машғулот юкламасига чидамлилигини оператив назорат қилиш.

**Тадқиқотнинг ташкил қилиниши.** Тадқиқотимизда гимнастикачиларнинг снарядларда бажариладиган техник элементларнинг ўрганиш даражасидан келиб чиқиб шуғулланувчилар шартли равишда рақамлаб олинди. Ушбу юкламаларга мослашиш сифатини ўрганиш мақсадида комплекс назорат олиб борилди. Спортни такомиллаштириш босқичида комплекс назоратнинг ишлаб чиқилган алгоритми гимнастикачиларни йиллик машғулот цикли давомида тайёргарликни бошқариш жараёнида организмнинг функционал ҳолатини баҳолаш, функционал кўрсаткичлар динамикасининг босқичли, оператив ва жорий назорати мониторинги қўлланилди.

Кейинги кундаги тадқиқот (машғулотдан олдинги) кундузи навбатдаги машғулотдан олдинги тикланиш самарадорлигини баҳолаш учун югурдилар (жорий назорат).

Гимнастикачилар организмига жисмоний юкламанинг тезкор таъсир фаолиятини аниқлаш учун машғулотда махсус юкламаларни бажаришдан олдин ва кейинги ёки машғулотдан олдинги ва кейинги оператив тадқиқотлар олиб борилди (оператив назорат).